Ассаламу гIалайкум!

# ГЬУДУЛЛЪИ
# ДРУЖБА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

Эл. адрес druzhba555@mail.ru

№ 57-58 (10057-10058) | 11 октябрь | Рузман | 2019 сон

## В нашем районе прошел X Международный турнир по вольной борьбе на призы Юсупа Абдусаламова



# В нашем районе прошел X Международный турнир по вольной борьбе на призы Юсупа Абдусаламова



В субботу, 5 октября, в Ботлихе прошел X Международный турнир на призы Юсупа Абдусаламова.

158 вольников собрались в высокогорном дагестанском селении, чтобы поспорить в шести олимпийских категориях за призы финалиста игр в Пекине, а ныне главного тренера сборной Польши Юсупа Абдусаламова. В эти осенние дни проходит много всевозможных борцовских состязаний, и в Ботлихе организаторы рассчитывали на меньшее количество участников, иначе бы программу турнира разверстали на два дня. В один день уложились, но пришлось проводить поединки без перерыва с 08:30 до 22:00.





Завершился турнир розыгрышем в лотерее главного приза – 300 тысяч рублей. Счастливчиком среди шести победителей оказался представитель Махачкалинской спортшколы им. А. Садулаева Гаджимурад Омаров, первенствовавший в категории до 65 кг. Денежными призами были поощрены и все другие обладатели медалей. Не забыли премировать и своего земляка Гаджи Набиева, который на днях на чемпионате мира в Нур-Султане стал бронзовым призером.

Хлебосольные ботлихцы также приготовили немало памятных подарков, которыми одаривали как спортсменов и тренеров, так и почетных гостей. Так, украсившего своим присутствием турнир трехкратного олимпийского чемпиона, депутата Госдумы Бувайсара Сайтиева одели в бурку и папаху-«хабибку», к которым прилагался кинжал. Обладателями полной экипировки горца также стали призер чемпионата мира в Нур-Султане Магомедмурад Гаджиев и гость из США, финалист чемпионата мира-2017 Томас Гилман. Американец приехал на турнир из Владикавказа, где тренировался с местными борцами. В Ботлихе он, победив пятерых соперников, занял первое место в весе до 57 кг. В ближайшие дни Гилман присоединится к прибывающей из США команде, которая 11-13 октября примет участие в Межконтинентальном кубке в Хасавюрте.

Еще двое победителей турнира представляли зарубежные государства, но только они являются воспитанниками дагестанской школы борьбы. В состязании тяжеловесов не было равных Юсупу Батырмурзаеву (Казахстан), а в категории до 86 никто не смог остановить участника чемпионата мира в Нур-Султане Жавраила Шапиева (Узбекистан). Для легионера из Избербаша Абдусаламовский турнир стал четвертым в этом сезоне, на трех предыдущих он занимал призовые места, в том числе неделю назад в Буглене, где дошел до финала.

В Буглене боролся и Расул Магомедов – тот самый, который на Ярыгинском мемориале нанес поражение Кайлу Снайдеру. Неделю назад «полутяж» из Махачкалы не был фаворитом, так как, опоздав на взвешивание, вынужден был выступать в категории до 125 кг и потерпел неудачу. А в Ботлихе он изначально был главным претендентом на победу, и уверенно её добился.

Хорошо показали себя на Абдусаламовском турнире воспитанники хасавюртовского УОР, завоевавшие пять медалей. А лучшим среди них был Магомед Хизриев, который, как и на недавнем Мемориале Кади Абакарова в Цумадинском районе, занял первое место в весе до 74 кг.



**Технические результаты X Международном турнире на призы Ю. Абдусаламова:**

***57 кг. 1. Томас Гилман (США);***
***2. Салих Мурадов (Хасавюрт, УОР);***
***3. Магомедрасул Магомедов (Санкт-Петербург) и Амирхан Гуважоков (Кабардино-Балкария).***

***65 кг. 1. Гаджимурад Омаров (Махачкала, шк. А. Садулаева);***
***2. Ахмед Асадулаев (Хасавюрт, УОР);***
***3. Магомед Магомедов (Ботлихский район) и Астемир Куантов (Кабардино-Балкария).***

***74 кг. 1. Магомед Хизриев (Хасавюрт, УОР);***
***2. Расул Шапиев (Махачкала, шк. А. Садулаева);***
***3. Рамазан Рамазанов (Москва, ЦСКА) и Гаджимурад Алихмаев (Хасавюрт, шк. Ш. Умаханова).***

***86 кг. 1. Жавраил Шапиев (Узбекистан);***
***2. Абдулмуслим Темирбулатов (Хасавюрт, шк. М. Батырова);***
***3. Хабиб Гаджиев (Цумадинский район) и Себастьян Езержанский (Польша).***

***97 кг. 1. Расул Магомедов (Махачкала, шк. Г. Гамидова); 2. Тажудин Мухтаров (Махачкала, шк. Г. Гамидова);***
***3. Гасан Шамхалов (Махачкала, шк. Г. Гамидова) и Гаджимагомед Тажудинов (Хасавюрт, УОР).***

***125 кг. 1. Юсуп Батырмурзаев (Казахстан) ;***
***2. Минатула Курбанов (Махачкала, «Динамо»);***
***3.Шамхан Жабраилов (Молдова) и Гамзат Алижудинов (Хасавюрт, УОР).***

Гости и сами хозяева расстались приподнятом настроении. До новых встреч на очередном турнире.

**Пресс-служба администрации**



# ГурхIел. РахIму. ЦIоб.

№2

Центр социального обслуживания




Материал цIале 4-5 гьурмазда

# АНСАЛТIА, ШОДРОДА РИГЪ АРАЗУЛ











Росдал бет1ер Х1айдарбегов Х1айдарбегил нухмалъиялда гъоркь, КЦСОНалъул х1алт1ухъабиги г1ахьал гьарун, дагьал цебег1ан къоязда Ансалт1а росулъ к1одо гьабуна ригь арал г1адамазул Къо.

Т1олабго Россиялъги Республикаялъги к1одо гьабулеб гьеб байрамкъо къадруялда т1обит1изе т1аде босун бугоан ансадерица. Билълъанхъун араб г1адаталда рекъон, гьез жидехъего ах1ун рук1ана Рахат1а, Шодрода росабалъан ригь арал руччабигун бихьинал. Ай исанаги данделъана долго жамаг1атал – жидер рак1алги, ракьалги, ригьналги журарал мадугьалзаби.

Гьай-гьай, бищунго гьеб сурпаялда нур базабулеб жо бук1ана жалго г1адамал.

Г1айиб гурищха гьоркьоб биччазе берцинго къач1араб тепсиги.

Ссиялда къач1а-к1ат1арай к1иго ясалъ рагьана гьеб данделъи.

Рик1к1ана г1агараб росдаде гьабураб кеч1. Хадубго, киназулго рек1елъе роргулел раг1абаздалъун, рик1к1ана к1удияв инсудеги к1одо-эбелалдеги бугеб рокьулги гурх1ел-рах1мугун гьезие гьабизе кколеб хъулухъалъулги х1акъалъулъ сарин. Раг1и босана росдал бет1ер Х1айдарбегов Х1айдарбегица.

Г1одове виччарав, нечарав, чиядаса намусав, гьесул к1алъаялъулъ бихьулеб бук1ана к1удияздехун бугеб адаб-х1урматги, гьалбадеридехун бугеб хъатирги.

- Аллагьас хъван батани,- ян абуна гьес,- гьаб гьабулеб тадбир хвезе тезе гьеч1о дун ч1аго вугебг1ан мехалъ ва хадур г1олезеги аманатлъун гьабизе буго. Биччанте гьаб къо, херал, ригь арал чаг1азул къолъун гуребги, нилъер лъабабго росдада гьоркьоб гьудуллъи, гьоболлъи ва гьуинлъи щулалъулеб къолъунги бук1ине кидаго.

Районалъулго г1адамаз кутакалда жиндир къадру-къимат гьабулев, г1емерал соназ росдал Советалъеги, колхозалъеги, хадуб районалъул казначействоялъеги нухмалъи гьабурав, гьанже харабазул Советалъул к1удияв Лабазанов Мух1амадие кьуна раг1и:

- Ассаламу г1алайкум!

Г1агаралги рихьула гьанир, мадугьалзабиги рихьула, гьединго, гьаб тадбиралъулъ г1ахьаллъизе ах1арал х1урматиял гьалбалги руго,- ян байбихьана Мух1амадица жиндирго к1алъай.

- Роххула ниж- ансал гьоболасе хъулухъ гьабизе щведал ва кидагосеб нижерго борчлъунги рик1к1уна к1удиял, херал, хадур балагьизе чи гьеч1ого хут1арал чаг1азул адаб-хъатир гьаби.

Жакъасеб дандеруссиналъул аслияб масъала буго, мисал нижедасанги босун, бач1унеб г1елалъги хвезе теч1ого, т1адеялдаса –т1аде беричгоги берцингоги гьаб т1обит1и, гьалъул к1вар борхизаби . Киналго херлъула, унтула, хола, хадур балагьизе чи гьеч1огоги хут1изе бегьула- Бет1ергьанасухъ буго кинабго кверщел. Кин дуца дудасанго ц1ик1к1арасул адаб гьабураб, гьединабго роценалда дудехунги хут1ула хадур г1ун рач1унезул бербалагьи.

Баркула жакъасеб данде руссинги сурпаялда нужеца базабун бугеб нурги!

Дица нужее гьарула сахлъигун халатаб г1умру - лъималазулги лъималазе даимго мисаллъунги хириял тарбиячаг1илъунги рук1ине…

- Рак1-рак1алъго баркула киназдаго жакъасеб байрам,- илан байбихьана жиндирго калам Шодродаса жамг1ияв х1аракатчи Салман Х1асбулаевас. - Кидаха рек1елъа инеб гъачагъал т1аде к1анц1араб къо, радал рогьиналде рагьт1а ч1ун ратарал тушбаби. Гьоб къо бук1ана нилъее Бет1ергьанас х1албихьизе биччараб къо. Руччабигун бихьинал цо к1алдисан г1адин к1алъана нилъер ракьалда тушманас х1ет1е ч1ун х1ехьезе гьеч1илан. Ч1ах1иялгун г1иссинал гьункана, росабазул жамаг1атал журана ва тушманасда бич1ч1ана жидецаго биччараб к1удияб гъалат1.

Гьелдаса нахъе ана къого сон, къадруялда рехсола улкаялдаго Болъихъ районалъул ц1ар, ц1унана Ват1ан ва т1олабго Россия нилъеца. Районалъги бана исана 90 сон. Гьебги саламатаб ригь буго, саназдалъун борцани, амма нилъер жигарги, жанги, жамг1ияб х1аракатги борцани, гьеб тарих жеги к1одого ва гучго бихьула. Босилеб батила хадуб г1олеб г1елалъги нилъедасан мисал. Г1еч –г1ечул гьот1одасан рик1к1ад бортуларилан абула, гьединлъидал умумузда релъъарал рук1ина ирсилалги.

Данделъиялъул г1ахьалчаг1азе сахлъигун халатаб г1умруги гьарун, лъуг1изабуна Х1асбулаевас к1алъай.

- К1удияб гьунарги, гьайбатаб ишги буго гьаб нужеца жакъа т1обит1улеб тадбир,- ан байбихьана гьанив г1ахьаллъизе вач1арав КЦСОНалъул нухмалъулев Сейдула Мух1амадовас жиндирго хит1аб.- Херазул жакъа гьабулеб адабги хъатирги буго нужеца нахъе лъун тараб хазина г1адаб жо. Жакъа нилъеца, метер нилъер-лъуг1улареб, цояз-цоязухъе кьун мадиро г1адин толеб жойин адабгун х1урмат. Х1алт1ул хъулухъинцин толаро дица дида т1адкъан бугеб гьаб иш, гьаб буго борч, чиясда т1адаб, т1аг1ине рес гьеч1еб маг1арул г1адат. Г1адамазе рихьдаегун ч1ух1дае гуро адабги хъулухъги гьабизе кколеб, гьеб бук1ине ккола бидулъ, рек1елъ, наслабалъ, инсанасул рух1ияб бечелъиялъулъ…

Баркаладул кагъатги росдал бет1ерасе кьун, кьуч1ав нухмалъулев щун вугин нужее-, ян ансадерие рецц-бакъги гьабун, херазе халатаб г1умруги гьарун, гьездасан мисал босеян г1олилазе насих1атгун лъуг1изе тана калам Сейдулаца.

Аллагьасул к1одолъиялъул ва к1вар бугеб, мунпаг1атаб, берцинаб тадбиралъул бицун цеве вахъана росдал имам МухIамадов Салим.

Ч1ах1иязул гьабизе кколеб адабх1урматалъулги рехсана имамас, берцинаб херлъи сунде абулебалиги бич1ч1изабуна, ралел каказулгун кколел к1алазул к1варалъулги баян гьабуна.

Росдал агьлуялъеги, гьалбадериеги, гьединго, гьаб г1аламалъе кванил ниг1матал х1адурарал богогьабазеги гьабун дуг1агун, данделъи къана.

Кинабго ана т1адег1анаб даражаялда, жив-живасе кьуна садакъа- Аллагьасги гьеб аза-азариде бахинабун батаги.

Баркатгун рах1мат т1аса унгеги нужедасан, Ансадерил жамаг1ат!

# КЪО КІОДО ГЪАБУНА







*Районалъул щибаб росулъго гІадин Щадрадерицаги кІодо гьаруна жидерго росдал хараби. Хинаб рукъги, бакъвараб цІулги, цІияб гьаваги, гьуинаб каламги, гьеб кинабго бугони, камураб щибха харабазе. Росдал бетІер АсхІабов Пахрудиница данделъиги рагьун гьенире ракІарараразул ракІал гІодоре риччазаруна, нуж кидаго рехун тезе гьечІилан ва парахатаб херлъиялда гІумру гьабизе бегьулилан божилъиялде хьулги тІамизабуна. ТІасиял соназги гьадинал данде руссинал рукІине ругин ва санайилго бечедабги беричабги тІутІги хІадуризе бугин, хІалкІун сайгъат-саламги камизе тезе гьечІилан, гьуинаб калам гьабуна Салман ХІасбулаевасги. ХІукуматалъги нужедехун кІудияб кІваргун бербалагьи гьабулеб бугилан баянал кьуна КЦСОНалъул рокъор хутІаразе хъулухъ гьабулеб отделалъул заведующая ХІабият ГІабдурашидовалъ. Нижер хъулухъ гуребги, рахІму-цІобалъулаб борчги буго, нужер хъатир цІунун рахъун чІезе. ЧІухІизе бачІуна нужер къваригІел тІубан тІад юссунелъулан лъугІизабуна гьелъги жиндирго калам. Квен-тІех хІадурaразе, тепси гІуцІцІаразе баркалаги загьир гьабун, баркиялъулаб кІалъайгун цере рахъана МухІамадов ГІабдулгІазиз, МухІамадов ХІажимурад, ГІабдулхІамидова Жавза. Гьадинал данделъаби гІемер гьаризе кколин, гІиссиназ кІудиязул адаб-хІурматги гьабизе, гьез жидедасан мисалги босун росдал гІадатги гІамалги цІунулеллъун жалгоги лъугьине. Гьеб букІана гьезул ирсилазде толеб васигат гІадат, насихІатгун вагІза. Данделъиялда рачІине рес ккечІезеги рокъо-рокъобецин битІана квен-тІехги, тІагІамал пихъил буголъиялда рекъон садакъадул бутІаги. ТІаде рачІаралгун росдал жамагІат разиго ратІалъана. ЛъикІлъиялъе бахчараб чанги, бакъараб кверги , кидаго хутІула инсанасул рекІелъ. Разиго хІутІана Щадрадеридасан гьалбалгун гьалмагъзаби.*







# НУХЛУЛ РАГІАЛДА– АЛЛАГЬАСУЛ РУКЪ

ГІандире унеб нухлул халатал сверабиги тун, Рушухе раккулеб нухлул рагІалда бан буго цІияб мажгит. Рехе-эхеде унезе какал разеги, нухда свакаразе хІухьбахъизеги чара гьечІеб Аллагьасул рукъ рагьана роххалилаб ахІвал-хІалалда.

Гьеб кІудияб мажлисалда гІахьаллъизе ракІарун рукІана ГІанди мухъалъул тІолалго жамагІаталги ва районалъулго росабазул имамзабигун диниял церехъабиги. Мадугьалихъ бугеб Хунзахъацин вачІун вукІана гьеб къо кІодо гьабизе диния цевехъан.





Киназдаго рекІелъе рортулел рагІабигун, вагІзагун цеве вахъана Муниса Бадрудин-хІажи, гьес, жидерго росдал рахъалдасанги, тІаде рачІарал диниял вацазулъ бугеб разилъиги загьир гьабун баркала кьуна, гьаб мажгит баялъе квербакъарав баркат жинда лъеяв Муниса ГъазимухІамадов ГъазимухІамадие.

СапарчагІазе чара гьечІого хІажатаб гьеб цІияб Аллагьасул рукъ, нилъер районалъул гуребги, цойгицойги Республикаялде унелрачІунел рещтІунеб бакІлъун хутІулеблъи баянаб ва якъинаб буго. Унезе нух битІаги, руссаразе рукъ битІаги, тІолгоязул мурадалги тІуран тІад руссине хъван ратаги.

# 20-ЛЕТИЕ РАЗГРОМА МЕЖДУНАРОДНЫХ БАНДФОРМИРОВАНИЙ ОТМЕТИЛИ В СЕЛЕНИИ ГОДОБЕРИ





В Ботлихском районе в с.Годобери состоялось торжественное мероприятие, посвященное 20-летию разгрома международных бандформирований, в котором приняли участие заместитель главы администрации МР «Ботлихский район» по общественной безопасности Абдулдибир Абдулдибиров, Герои России: Загид Загидов, Дибиргаджи Магомедов, Советник Главы Республики Дагестан Камиль Ланда, военный комиссар г.Махачкалы Муртуз Идрисов, заместитель председателя ДРОО «Ополченцы 1999года» Магомед Умаргаджиев, председатель Ботлихского районного Совета ветеранов войны и труда Шахрудин Шахрудинов, доцент кафедры ДГУ, кандидат юридических наук Шамхалдибир Исаев, депутат Собрания МР «Ботлихский район» Байгерей Далгатов, заместитель главного редактора МКУ «Районная газета «Дружба» Магомедрасул Газимагомедов, участники боевых действий августа 1999 года.

Началось это мероприятие с выступления воспитанников детского сада «Теремок».

Поприветствовав почетных гостей Абдулдибир Абдулдибиров отметил:

«Об августовских событиях в Ботлихском районе, и в частности села Годобери в средствах массовой информации написано немало. Глубоко символично, что наши предки всегда принимали самое активное участие во всех судьбоносных делах района и Дагестана, славились мужеством и героизмом. Особое место истории села занимают события 20-летней давности. Узнав через СМИ о нападении крупных сил боевиков на родную землю, годоберинцы оставив свои дела, в регионах России, срочно приехали в село и включились в борьбу с неприятелем, проявили в полной мере мужество, я бы сказал несгибаемый характер, отстояли родную землю. Когда пришла беда, они, как и жители района сплотились, не дрогнули перед натиском большой группы вооруженных до зубов бандитов и единым фронтом выступили против коварного врага, который пришел убивать грабить, насаждать чужие порядки и правила жизни, фанатизм и мракобесие.

Ополченцы рискуя жизнью с оружием в руках с первого до последнего дня мужественно сражались бок о бок с сотрудниками милиции. С 7 по 14 августа отразили три атаки хорошо вооруженных бандформирований, тем самым предотвратили неоднократные попытки захвата села.

Особые слова благодарности хочу выразить сотрудникам Дербентского гор отдела милиции, которые до конца боевых действий находились в селе, показали пример истинного мужества



и патриотизма. К сожалению, не удалось избежать невосполнимых потерь. В годоберинском направлении погибли 7 сотрудников милиции и ополченцев, из них братья Муминовы и Муртазали Гусенов из сел. Годобери. В ходе боевых действий 18 человек получили ранения различной степени тяжести.

Примечательно, что за проявленное мужество, самоотверженность и отвагу 64 выходцев села удостоились государственных наград, в числе которых 30 ополченцев и 34 сотрудника отдела внутренних дел. Высокого звания Героя России удостоен Дибиргаджи Магомедов.

Высокую оценку мужеству годоберинцев в период августовских событий дали генералы Виктор Казанцев, Владимир Булгаков, которые в те тяжелейшие дни непосредственно побывали в Годобери, а также первый президент нашей республики Муху Алиев, выступая на праздновании юбилейных мероприятий в Ботлихе, 14 сентября этого года.

Искренне желаю всем крепкого здоровья, большого человеческого счастья, благополучия, мира. Пусть счастье и радость придет в каждый дом, звучат счастливые детские голоса. Чтобы никогда больше не гремели выстрелы, никогда вражеская нога не ступала на нашу землю», - сказал он.

Слова особой благодарности и искренней признательности жителям села Годобери за проявленное мужество, самоотверженность и отвагу в период боевых действий августа 1999года, выразили Загид Загидов, Магомед Умаргаджиев, Муртуз Идрисов, Камиль Ланда, Шахрудин Шахрудинов, Шамхалдибир Исаев.

Затем состоялось торжественное вручение медалей «20 лет разгрома международных бандформирований».

Также были вручены благодарственные письма семьям погибших сотрудников и ополченцев.

Мероприятие прошло на высоком уровне.



## Уважаемые налогоплательщики!

Согласно Федеральному закону от 03.07.2016 № 290-ФЗ «О внесении изменений в Федеральный закон от 22.05.2003 № 54-ФЗ «О применении контрольно-кассовой техники при осуществлении наличных денежных расчетов и (или) расчетов с использованием платежных карт» (в редакции Федерального закона от 27.11.2017 № 337-ФЗ «О внесении изменений в статью 7 Федерального закона «О внесении изменений в Федеральный закон «О применении контрольно-кассовой техники при осуществлении наличных денежных расчетов и (или) расчетов с использованием платежных карт» и отдельные законодательные акты Российской Федерации») для Вас изменяется порядок осуществления расчетов при реализации товаров (выполнении работ или оказании услуг).

Так, согласно сведениям, содержащимся в информационной системе налоговых органов, с указанной даты для Вас возникает обязанность применять новую контрольно-кассовую технику (ККТ), которая должна передавать сведения о расчетах в налоговые органы через операторов фискальных данных.

Для работы по новой технологии Вам необходимо приобрести ККТ, включенную в реестр ККТ, и зарегистрировать ее через личный кабинет на сайте ФНС России (www.nalog.ru) или подать заявление о регистрации (перерегистрации) ККТ в любой налоговый орган.

В случае несоблюдения указанного условия налоговые органы обязаны оштрафовать согласно Федерального закона № 54 от 22.05.2003г. по нижеследующими статьями:

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ч.2 ст. 14.5 | ст. 1.2, ст.5 Федерального закона №54-ФЗ от 22.05.2003 | Неприменение ККТ в установленных федеральными законами случаях | ДЛ | От 1/4 до 1/2 размера суммы платежа без применения ККТ, но не менее… | 10 000 руб. |
| | | | юр.л | От 3/4 до одного размера суммы платежа без применения ККТ, но не менее… | 30 000 руб. |
| ч.3 ст. 14.5 (Судьи) | ст.1.2, ст.5 Федерального закона №54-ФЗ от 22.05.2003 | Неприменение ККТ (повторное), в случае, если сумма расчетов, осуществленных без применения ККТ, составила, в том числе в совокупности, один миллион и более | ДЛ | дисквалификация на срок | от одного года до двух лет |
| | | | юр.л | административное приостановление деятельности на срок | до девяноста суток |
| | | | ИП | | |
| ч.4 ст. 14.5 | ст. 4, 4.1, 4.2, 4.3, 4.7 , ст.5 Федерального закона №54-ФЗ от 22.05.2003 | Применение ККТ, не соответствующей установленным требованиям, а равно применение ККТ с нарушением порядка и условий ее регистрации и применения | ДЛ | Предупреждение или административный штраф в размере… | 1500-3000 руб. |
| | | | юр.л. | | 5000-10000 руб. |
| ч.5 ст. 14.5 | ст.5 Федерального закона №54-ФЗ от 22.05.2003 | Непредставление организацией или индивидуальным предпринимателем информации и документов по запросам налоговых органов или представление таких информации и документов с нарушением сроков, установленных законодательством Российской Федерации о применении ККТ | ДЛ | Предупреждение или административный штраф в размере… | 1500-3000 руб. |
| | | | юр.л. | | 5000-10000 руб. |
| ч.6 ст. 14.5 | ст.1.2, 5 Федерального закона №54-ФЗ от 22.05.2003 | Ненаправление организацией или индивидуальным предпринимателем при применении контрольно-кассовой техники покупателю (клиенту) кассового чека или бланка строгой отчетности в электронной форме либо непередача указанных документов на бумажном носителе покупателю (клиенту) по его требованию в случаях, предусмотренных законодательством Российской Федерации о применении ККТ | ДЛ | Предупреждение или административный штраф в размере… | 2000 руб. |
| | | | юр.л. | Предупреждение или административный штраф в размере… | 10000 руб. |

В специальном разделе сайта kkt-online.nalog.ru ФНС России Вы найдете всю необходимую информацию, касающуюся перехода на новый порядок применения ККТ. В случае возникновения вопросов обращаться в Межрайонную инспекцию Федеральной налоговой службы №12 по Республике Дагестан по адресу: Ботлихский район с. Ботлих, ул. Имама Шамиля 77.

ГЬУДУЛЛЪИ

**Газета гIуцIарал:**

**«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация**

**Учредители:**

**Администрация МР «Ботлихский район»**

**Редактор**
**ГI. ГI.ГIумаханов**

**Редакторасул зам.**
**М-Р. ГъазимухIамадов**

**Отделалъул редактор**
**П. Дибирова**

**Мухбир**
***М. ГIумаханова***

**Корректор**
**П.МухIамадова**

**Наборщица**
**П. Эльдарова**

**Дизайнер**
**С. Камилова**

**Программист**
**А. Ибрагьимова**

**Фотокорр**
***Ш.Муртазалиев***

***Индекс: 368970***
***Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Централияб къватI, 5***

***Телефонал:***
***Редакторасул 2-20-53***
***ГIаммаб 2-20-37***

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

***Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.***

***Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-Iясул къватI, 61***
***Тираж -600***
***Индекс-51 349***
***Багьа-6 гъурущ***

***Газета печаталде кьуна 16.00 хамиз къоялъ***
***Газета кьабуна 20.00***

***Заказ № _____***

*Газета перерегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых комуникаций 31 мая 2017 года.*
**ПИ *№ ТУ 05 - 00381***

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.*
*Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.*

## БАРКУЛА ЦIИЯБ ХЪУЛУХЪ



Районалъул прокуратураялъул цIияб хъулухъ Баркула ГъазихIмаев Камалудин ГIалибеговичасда. Гьев тIамуна районалъул прокурорасул заместительлъун. Гьесда гьеб хъулухъги баркулаго, лъаларезда лъазеги лъалезда рекIелъ хутIизеги, лъайхъвай гьабулеб буго нужергун хIурматиял газета цIалулел. ЦIияб хъулухъги гьесда баркулаго, гьаризе бокьун буго, Закон гьесги цIунизе, цIараб хIуччалдасан нилъги таричIого рукIине. Камалудин ГIалибегович гьавуна 1971соналъ Гумбет районалъул Ингишо росулъ.

КIиазаралда лъаб абилеб соналъ байбихьана прокуратураялда хIалтIизе тIоцеве следовательлъун, хадув прокурорасул кумекчилъун МахIачхъала-шагьаралъул Ленинил цIаралда бугеб районалда.

ЦIияб хъулухъги баркун гьаризе бокьун буго ГъазихIмаевасе сахлъи, халатаб гIумру ва гIадамазеги хIукуматалъеги баракатавлъун ватагиян.

## О повышении заработной платы работников муниципальных учреждений МР «Ботлихский район»

В соответствии с постановлением Правительства Республики Дагестан от 27 сентября 2019 г. № 229 «О повышении заработной платы работников государственных учреждений Республики Дагестан» и решением Собрания депутатов МО «Ботлихский район» от 18 августа 2009 г. № 5 «О принципах оплаты труда работников муниципальных учреждений МО «Ботлихский район» администрация муниципального района постановляет:

1. Повысить с 1 октября 2019 г. на 4,3 процента оклады (должностные оклады), ставки заработной платы работников муниципальных учреждений МР «Ботлихский район».

2.Управлениям администрации МР «Ботлихский район» обеспечить с 1 октября 2019 г. повышение на 4,3 процента окладов, ставок заработной платы работников, осуществляющих свою профессиональную деятельность по профессиям рабочих в данных управлениях и обслуживающих их хозяйствах.

3. Финансирование расходов, связанных с реализацией настоящего постановления, осуществлять за счет средств, предусмотренных в бюджете МР «Ботлихский район».

4. Рекомендовать администрациям сельских поселений принять решения о повышении с 1 октября 2019 г. на 4,3 процента окладов (должностных окладов), ставок заработной платы работников муниципальных учреждений.

5. Организационно-правовому отделу и УФ и Э АМР «Ботлихский район» давать необходимые разъяснения по применению настоящего постановления.

6. Настоящее постановление вступает в силу со дня официального опубликования и распространяется на правоотношения, возникшие с 1 октября 2019 г.

**А. Магомедов**
**И. о. главы района**

## *БАРКУЛА ЮБИЛЕЙ*



Зиккулаев Мух1амад ХIажимухIамадович.

МКУ « Ботлихская районная ДЮСШ» инструктор-методист.

ЛъикIав хIалтIухъан, хIал ккурав гьалмагъ, гьудуллъи щулияв, гьабулебщинаб щвалде щварав, щибго гъалатIалда тIад рекъоларев, тIасамасагоян ишги биччаларев, Болъихъа Зиккулаев МухIамад ХIажимухIамадовичасда баркизе бокьун буго «балугълъуде» вахараб гIумрудул 60 сон тIубаялъул байрам. Буго цойги мурадги, гьал къоязда гьесул вас-ХIажимухIамадие гьабуна ригьин, гьай-гьай гьесдаги баркула гьеб рохалилаб къо.

**Нужее сахлъи-роххел ва халатаб гIумру гьарулел гьалмагъзабазул къокъа, цадахъ хIалтIулезул коллектив.**

## Прокурор разъясняет:




### Информация

О проведении заместителем прокурора Ботлихского района Газихмаевым К.А. и специалистами отдела экологического просвещения Министерства природных ресурсов и экологии Республики Дагестан «Дирекции особо охраняемых природных территориях, охраны животного мира и водных биоресурсов» в школе №1 сел. Ботлих Ботлихского района, урок по экологии.

В ходе мероприятия ребятам было рассказано об особо охраняемых при-родных территориях республики, продемонстрирована презентация о памятниках природы регионального значения.

Разъясняю, что за экологические преступления привлекаются к административной ответственности и уголовной ответственности.

**Д.А. Джабраилов**
***Прокурор района,***
***советник юстиции***

1996 соналъ РахатIа СОШалъ Нажмудинова Суайбат МухIамадовналъул цIаралда кьураб А№179159 аттестат билун буго. Гьаб гьанжеялдаса нахъе **хIакъикъияб гуреблъун** рикIкIуна.